





# Enfòmasyon Enpòtan pou Klas 3yèm Ane

## Adisyon, Soustraksyon, ak Valè sou Pozisyon Chif ant 0 ak 1,000


Chè Fanmi,

Nou pral kòmanse yon nouvo inite ki rele *Adisyon, Soustraksyon, ak Valè sou Pozisyon Chif ant 0 ak 1,000*. Nan inite etid sa, elèv pral kontinye devlope estrateji efikas pou adisyon e soustrè nonb a-twa chif. Yo pral rezoud pwoblèm a de-etap ki genyen rapò avèk adisyon, soustraksyon, miltiplikasyon, epi/oswa divizyon. Elèv pral estime e mezire volim likid ak mas objè. Yo pral rezoud pwoblèm a yon etap ki genyen rapò avèk volim likid e mas. Objektif enstriktif espesifik ke elèv ou pral travay sou yo a nan lis anba avèk ekzanp ki montre konpreyansyon elèv nan chak objektif enstriktif.




**Objektif Enstriktif:** Fasilman adisyon e soustrè ant 0 ak 1000, kote elèv pral itilize divès estrateji, epi eksplike estrateji li itilize.


Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
<p>Kisa sòm 642 ak 279 la ye?</p>	<p style="text-align: center;"><b>Adisyon, itilize Valè sou Pozisyon Chif</b></p> $642 + 279$ $600 + 200 = 800$ $40 + 70 = 110$ $2 + 9 = 11$ $800 + 110 + 11 = 921$ $\boxed{642 + 279 = 921}$ <div style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; width: fit-content; margin: 10px auto;"> <p>"Mwen te separe toulede nonb yo an santèn, dizèn, ak inite. Mwen te adisyon nonb yo nan plas santèn e mwen te jwenn 800. Answit mwen te adisyon nan plas dizèn e mwen te jwenn 110. Epi, mwen te adisyon nan plas inite yo e mwen te jwenn 11. Alafen, mwen te adisyon sòm nan plas santèn, dizèn, ak inite, mwen te jwenn 921. Ebyen. <math>642 + 279 =</math></p> </div>
	<p style="text-align: center;"><b>Adisyon Yon Nonb an Pòsyon</b></p> <div style="display: flex; align-items: center;"> <div style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; width: 30%; margin-right: 20px;"> <p>"Mwen te kòmanse ak 642 e adisyon 279 an pòsyon. Anpatan mwen te adisyon 200 nan 649 e mwen te abouti ak 842. Answit mwen te adisyon 70 nan 842 mwen te abouti ak 912. Mwen te adisyon 9 nan 912 e mwen te abouti ak 921. Ebyen, <math>642 + 279 = 921</math>."</p> </div> <div style="text-align: center;"> <math display="block">642 + 279</math> <div style="display: flex; justify-content: center; align-items: center; gap: 20px;"> <div style="text-align: center;"> <math>200</math>   </div> <div style="text-align: center;"> <math>+</math> </div> <div style="text-align: center;"> <math>70</math>   </div> <div style="text-align: center;"> <math>+</math> </div> <div style="text-align: center;"> <math>9</math>   </div> </div> <div style="margin-top: 10px;"> <math display="block">\boxed{642 + 279 = 921}</math>  </div> </div> </div>

**Objektif Enstriktif:** Rezoud pwoblèm a de-etap, itilize kat operasyon.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
<p>Mr. Carlson te genyen 223 zoranj pou vann nan Farmer's Market (Mache Agrikòl). Li te vann 7 bwat zoranj avèk 8 zoranj nan chak bwat. Konbyen zoranj an total Mr. Carlson te genyen ki rete pou vann?</p>	<div style="display: flex; align-items: center;"> <div style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; margin-right: 20px;"> <p><i>"Mr. Carlson te kòmanse avèk 253 zoranj. Li te vann 7 bwat ak 8 zoranj chak. Mwen konnen <math>7 \times 8 = 56</math>. Sa vle di Mr. Carlson te vann 56 zoranj. Pou jwenn konbyen zoranj li te gen ki rete pou vann mwen bezwen soustrè 56 nan 223 ki se 167."</i></p> </div> <div style="text-align: center;"> <p><math>7 \times 8 = 56</math></p>  </div> </div> <p style="border: 1px solid black; padding: 5px; display: inline-block; margin-top: 10px;">Mr. Carlson has 167 oranges left to sell. <math>223 - 56 = 167</math></p>

**Objektif Enstriktif:** Estime e mezire volim likid ak mas objè epi rezoud pwoblèm sou meziman, itilize kat operasyon.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
<p>Mya ak Charlotte te mezire dlo nan veso dlo yo. Konbyen mililit dlo Mya genyen anmwens Charlotte?</p> 	<div style="display: flex; align-items: center;"> <div style="text-align: center; margin-right: 20px;">  <p>Mya</p> </div> <div style="text-align: center; margin-right: 20px;">  <p>Charlotte</p> </div> <div style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; margin-left: 20px;"> <p><i>"Mya genyen 150 mL dlo nan veso li. Charlotte genyen 250 mL dlo nan veso li. Diferans ant 150 e 250 se 100. Mya genyen 100 mL dlo anmwens nan veso li ke Charlotte."</i></p> </div> </div>

**objektif Enstriktif:** Estime, chwazi zouti apwopriye pou rezoud pwoblèm, epi verifye rezilta 

Bagay ou kapab fè lakay pou sipòte elèv ou nan tout inite etid sa:

- **Pale sou Estrateji**  
 Travay avèk elèv ou pou l pratike estrateji adisyon ak soustraksyon. Mande elèv ou poukisa yo te chwazi yon estrateji anpatikilye e fè l eksplike travay ke li ap fè.
- **Meziman Lakay**  
 Fè pitit ou mezire likid kote ou kapab itilize resèt. Mande pitit ou pou konpare meziman likid.